Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU JOUNEN SANSIBILIZASYON POU ELVE LAJ RESPONSABILITE A (RAISE THE AGE)

"Tout Nouyòkè ki soti nan kat kwen eta sa a pral rasanble nan Albany jodi a pou yo mande fonksyonè eli yo pou yo fè sa 48 lòt eta nan peyi a te fè deja: trete minè yo tankou minè epi elve laj responsabilite kriminèl la.

Li deja depase lè pou Sena te mete ansanm ak nou, epi pase pwopozisyon m fè pou Elve Laj responsabilite a epi refòme lwa penal pou minè nou yo.

New York se youn nan sèlman de eta nan peyi a ki pouswiv jèn ki gen 16 ak 17 an yo kòm adilt nan sistèm jistis penal la, kelkeswa krim yo akize yo te komèt la epi malgre lefèt majorite adolesan yo arete nan ane ki sot pase yo nan prizon pou krim non vyolan. Sa a se yon pratik enjis ki mete kèk nan Nouyòkè ki pi jèn nou yo nan yon sistèm prizon kote yo pi fasil ka sibi agresyon, pèsonèl prizon yo ka blese yo, epi yo ka touye tèt yo pi fasil pase jèn parèy yo te pouswiv lajistis kòm jèn olye de kòm adilt yo. Li plis posib pou yo reyarete yo ak remete yo nan prizon tou.

Anpil pwoblèm pa gen solisyon klè oswa ki pwouve, men pwoblèm sa a genyen. Lè nou elve laj responsabilite a, nou ka asire jèn yo resevwa entèvansyon ak reyabilitasyon yo bezwen pou yo koupe move chèn residivis la epi ogmante sekirite piblik pou tout Nouyòkè.

Pou plis enfòmasyon sou Elve Laj Responsabilite a nan New York, tanpri li atik opinyon (op-ed) mwen ak Van Jones te ekri pou *USA Today* la."

###